

**Demann pou Ranplasman Yo Volè yo  
Pwogram Asistans Nitrisyon Sipleman tè (Supplemental Nutrition  
Assistance Program, SNAP) ak/oswa Avantaj Asistans Lajan Kach (CA)  
(Haitian Creole)**

Ou ka itilize fòm sa a pou mande ranplasman avantaj SNAP ak/oswa CA yo te vòlè elektwonikman atravè sèvi ak aparèy pou kapte enfòmasyon, klonaj, pirataj, fo deklarasyon yon pati bay oswa lòt metòd fwod menmjan an. Ou dwe rapòte enfòmasyon espesifik sou tranzaksyon fwod yo. Ou kapab jwenn enfòmasyon sa a grasa:

- Lè ou verifye istorik EBT ou a nan <https://www.connectebt.com/> oswa lè ou telechaje aplikasyon mobil ConnectEBT (ki disponib pou telechaje nan Apple App Store ak nan Google Play Store); oswa
- Lè ou rele liy gratis Sèvis Kliyantèl EBT a nan 1-888-328-6399. Ou ka itilize liy asistans lan pou:
  - Koute dis dènnye tranzaksyon ou yo nan meni otomatik la.
  - Mande yon relve enprime 2 mwa sou istorik kont ou a nan meni otomatik la oswa nan men yon reprezantan sèvis kliyantèl la.
  - Revize tranzaksyon ou yo ak yon reprezantan sèvis kliyantèl la.
    - Pou tranzaksyon ki gen plis pase 15 mwa, ou ap bezwen pale ak yon reprezantan.

Tanpri sonje, si ou pa fè konnen kat EBT ou a pèdi oswa yo vòlè l epi ou poko mande yon nouvo kat EBT depi yo vòlè avantaj ou yo, kont SNAP oswa CA ou a gendwa toujou an danje. Yo pa ka bay okenn avantaj ranplasman jiskaske ou fè konnen kat EBT ou a pèdi oswa yo vòlè li. Pou ou fè konnen yo vòlè kat ou a, mande yon nouvo kat, epi chanje PIN ou, tanpri rele Sèvis Kliyantèl EBT a nan 888-328-6399 oswa ale sou <https://www.connectebt.com/>.

Tanpri konfime: Mwen fè konnen kat mwen an pèdi oswa yo vòlè li apre mwen rann mwen kont yo te vòlè avantaj mwen yo.  Wi  Non (Ou ka kontinye sèlman si ou reponn WI)

**(Vire Paj la)**

**Demann pou Ranplasman Yo Volè yo  
Pwogram Asistans Nitrisyon Sipleman (Supplemental Nutrition  
Assistance Program, SNAP) ak/oswa Avantaj Asistans Lajan Kach (CA) (swit)**

**A. ENFÒMASYON SOU KAY LA**

_____ <b>Nimewo Dosye a</b>		
_____ <b>Non ki sou Dosye a</b>		
_____ <b>Nimewo Idantifikasyon Kliyan (CIN) (Dwe se CIN chèf fanmi/benefisyè dosye a. Sa a se CIN ki mansyone sou kat EBT ou a.)</b>		
_____ <b>Adrès Postal</b>	_____ <b>Apatman/Chanm</b>	
_____ <b>Vil</b>	_____ <b>Èta</b>	_____ <b>Kòd Postal</b>
_____ <b>Adrès imel (se si ou vle)</b>		

**B. ENFÒMASYON SOU VÒLÈ AVANTAJ YO**

Mwen, \_\_\_\_\_, mwen se chèf fanmi an oswa yon manm adilt nan fanmi an pou ka ki endike anwo a epi mwen vle rapòte tranzaksyon fwod sou kat EBT mwen an.

**(Vire Paj la)**

**Demann pou Ranplasman Yo Volè yo  
Pwogram Asistans Nitrisyon Sipleman (Supplemental Nutrition  
Assistance Program, SNAP) ak/oswa Avantaj Asistans Lajan Kach (CA) (swit)**

**B. ENFÒMASYON SOU VÒLÈ AVANTAJ YO (swit)**

**Aplikasyon pou Ranplasman Avantaj Asistans Lajan Kach**

(Si yo pa t vòlè pou ou okenn avantaj pou Asistans Lajan Kach, tanpri sote seksyon sa a epi ale nan seksyon annapre a).

<b>Dat mwen reyalize yo te vòlè avantaj Lajan Kach mwen yo</b> ▶	
<b>Premye Dat yo te vòlè avantaj Lajan Kach yo</b> <i>(Sa a se dat ki pi ansyen nan istorik tranzaksyon ou yo kote ou wè yon tranzaksyon fwod. Si ou wè sèlman tranzaksyon fwod nan yon sèl dat, mansyone dat sa a isit la. Yo pral refize aplikasyon ki mansyone dat ki vin anvan 1ye Janvye 2022 yo paske avantaj pou Asistans Lajan Kach yo te vòlè anvan 1ye Janvye 2022 yo pa elijib pou ranplasman).</i> ▶	
<b>Dènye Dat yo te vòlè avantaj Lajan Kach yo</b> <i>(Sa a se dat ki pi resan nan istorik tranzaksyon ou yo kote ou wè yon tranzaksyon fwod. Si ou wè sèlman tranzaksyon fwod nan yon sèl dat, ou ka kite kaz sa a vid).</i> ▶	
<b>Total avantaj Lajan Kach yo vòlè</b> ▶	

**Aplikasyon pou Ranplasman Avantaj SNAP yo**

(Si yo pa t vòlè pou ou okenn avantaj SNAP yo, tanpri sote seksyon sa a).

<b>Dat mwen reyalize yo te vòlè avantaj SNAP mwen yo</b> ▶	
<b>Premye Dat yo te vòlè avantaj SNAP yo</b> <i>(Sa a se dat ki pi ansyen nan istorik tranzaksyon ou yo kote ou wè yon tranzaksyon fwod. Si ou wè sèlman tranzaksyon fwod nan yon sèl dat, mansyone dat sa a isit la. Yo pral refize aplikasyon ki mansyone dat ki vin anvan 1ye Oktòb 2022 yo, paske avantaj pou SNAP yo te vòlè anvan 1ye Oktòb 2022 yo pa elijib pou ranplasman).</i> ▶	
<b>Dènye Dat yo te vòlè avantaj SNAP yo</b> <i>(Sa a se dat ki pi resan nan istorik tranzaksyon ou yo kote ou wè yon tranzaksyon fwod. Si ou wè sèlman tranzaksyon fwod nan yon sèl dat, ou ka kite kaz sa a vid).</i> ▶	
<b>Total avantaj SNAP yo vòlè</b> ▶	

(Vire paj la)



**Demann pou Ranplasman Yo Volè yo  
Pwogram Asistans Nitrisyon Sipleman tè (Supplemental Nutrition  
Assistance Program, SNAP) ak/oswa Avantaj Asistans Lajan Kach (CA) (swit)**

**TRANZAKSYON (swit)**

Tanpri bay nenpòt lòt enfòmasyon sou vòl la ou panse ki enpòtan pou nou konnen. Si ou te gen plis pase 20 tranzaksyon fwod pou rapòte epi ou pa t kapab prezante yo sou liy ki anwo yo, ou ka mansyone yo anba a.

**C. SÈTIFIKASYON**

**PA SIYEN TOUTOTAN OU PA FIN LI EPI KONPRANN DEKLARASYON KI ANBA YO.**

Mwen konprann epi mwen aksepte sa ki vin apre yo:

- Mwen dwe ranpli, siyen epi soumèt fòm sa a pou m mande pou ranplasman avantaj yo vòlè yo.
- Enfòmasyon yo bay nan demann sa a se verite epi yo egzat.
- Soumèt demann sa a pa garanti avantaj mwen yo pral ranplase.
- Si mwen te bay enfòmasyon ki pa kòrèk nan enfòmasyon ki endike anwo yo, yo ka akize m pou yon Vyolasyon Entansyonèl nan Pwogram nan (Intentional Program Violation, IPV) epi mwen ka ekspoze ak sanksyon sivil ak kriminel ki pa sèlman gen ladan fo temwayaj pou yon fo reklamasyon.
- Mwen gen dwa ak yon odyans san patipri pou konteste refi oswa reta nan delivre yon ranplasman pou kay mwen an. Yo pa p bay ranplasman an toutotan yo pa pran desizyon sou odyans san patipri a.

---

KI NAN DOSYE A (tanpri ekri avèk lèt detache)

---

Siyati

---

Dat